



**Enfòmè Ou:**

**Pale sou  
Depistaj Kansè  
Pwostat la Avèk  
Pwofesyonèl  
Swen Sante Ou**

# Kansè pwostat se dezyèm kalite kansè ou jwenn pi souvan kay gason nan Vil New York.

Pwostat la se yon ti glann kay gason yo ki pèmèt yo pwodui dechay. Lè w detekte kansè pwostat la bonè, tretman an pi efikas.

Gen plis gason ki mouri nan kansè pwostat pase nenpòt lòt kalite kansè san konte kansè poumon. Lè w fè depistaj kansè pwostat pou ka detekte l bonè, sa ka sove lavi w.

## Kisa tès depistaj kansè pwostat la ye?

Si w chwazi fè depistaj, ou ta dwe fè yon tès san pou detekte antijèn espesifik pou pwostat (prostate-specific antigen, PSA). Pwofesyonèl swen sante w la ka rekòmande lòt tès tou, men se yon bagay ki fèt yon lè konsa. Si nivo PSA ou pi wo pase jan l ta dwe ye a, pwofesyonèl swen sante w la gendwa rekòmande w fè yon biyopsi.



## Kisa siy ak sentòm yo ye?

Si w gen kansè pwostat, ou gendwa pa gen okenn sentòm. Si w gen sentòm, men sa yo gendwa ye:

- Ou gen pwoblèm pou pipi
- Ou pipi souvan
- Ou gen pwoblèm pou vide pipi ki nan blad pipi w
- Ou gen doulè oswa brili lè w ap pipi
- Ou pipi fèb oswa ti gout pa ti gout
- Ou gen doulè lè w voye
- Ou gen san nan pipi oswa dechay ou
- Ou gen doulè nan do, ranch oswa zo basen ki pa pase

## Ki faktè risk ki genyen?

Risk pou fè kansè pwostat la ogmante ofiyamezi ou ap pran laj. Epitou, risk pou w fè kansè pwostat la ka ogmante si:

- Ou se Moun Nwa oswa Ameriken Nwa
- Ou gen yon moun nan fanmi w ki te fè kansè pwostat
- Ou gen yon moun nan fanmi w ki te fè kèk lòt kansè

Pale avèk pwofesyonèl swen sante w la sou moun nan fanmi w ki fè kansè.

## Ki avantaj ak risk depistaj la ak tretman an genyen?

Avantaj depistaj la genyen se lefètke ou kapab detekte kansè pwostat la bonè, sa ki ka sove lavi w.

Gen kay kèk moun kansè pwostat la p ap simaye, li p ap bay sentòm ni li p ap mete lavi yo an danje. Tretman kansè pwostat la genyen risk ladan l. Si w gen yon timè ki pa danjere, ou kapab pale avèk pwofesyonèl swen sante w la sou plan pou siveye l oswa trete l.

**Gason nwa yo gen plis risk pou yo fè kansè pwostat epi mouri ladan l.**  
**Asire w pale avèk pwofesyonèl swen sante w la sou depistaj la.**

## Ki moun ki ta dwe fè depistaj?

Pale ak pwofesyonèl swen sante w la sou depistaj la pou wè si li apwopriye pou ou. Gason yo ta dwe pale avèk pwofesyonèl swen sante yo sou zafè depistaj la lè yo gen:

- 40 lane si yo gen plizyè fanmi pwòch ki te fè kansè pwostat anvan 65 lane
- 45 lane si yo se Moun nwa oswa yo gen yon fanmi pwòch ki te fè kansè pwostat anvan 65 lane
- 50 lane si yo pa gen okenn faktè risk espesifik

## Konbyen kòb depistaj la ak tretman an koute?

Pifò konpayi asirans sante yo peye pou depistaj PSA a. Si w pa gen asirans, rele **311**.

Si w pa gen asirans epi ou bezwen fè tretman kansè pwostat, Medicaid Cancer Treatment Program (Pwogram Tretman Kansè Medicaid) ka an mezi pou ede w. Pou w jwenn plis enfòmasyon, rele nan 866-442-2262.





Ale sou [nyc.gov/health](https://nyc.gov/health) epi  
chèche "**prostate cancer**"  
(kansè pwostat) pou  
w jwenn plis enfòmasyon.